# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ क सीएमएस स्कूल में वर्ल्ड यूनिटी कन्वेंशन सेंटर में आजु विस्व के मुख्य न्यायाधीसन क पचीसवां अन्तर्राष्ट्रीय सम्मेलन क उद्घाटन कइलें। अपने सम्बोधन में उहां के भारतीय संविधान क अनुच्छेद–एक्यावन क भावना के विस्व सान्ति अउर सुरक्षा खातिर प्रेरक बतवलें। उहां के कहलीं कि ई वैस्विक सान्ति अउर सौहार्द के दिसा में भारत के सोच के दरसावे ला। मुख्यमंत्री, सीएमएस क संस्थापक डॉक्टर जगदीश गांधी के सरधांजलि दिहलें अउर कहलें कि उनहीं के कोसिस से ई सम्मेलन एगो खास मंच बनल हौ। येह मौका पर हंगरी क पूर्व राष्ट्रपति, हैती रिपब्लिक क पूर्व प्रधानमंत्री, छप्पन गो देस क एक सौ अठहत्तर मुख्य न्यायाधीस, डेलीगेट्स अउर सीएमएस क संस्थापक निदेसक डॉक्टर भारती गांधी के सथहीं कई गो जानल–मानल लोगि मौजूद रहलें।

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उत्तर प्रदेश अधीनस्थ सेवा चयन आयोग के ओरि से चयनित सात सौ एक वन दरोगा के लखनऊ में भइल नियुक्ति पत्र वितरण कार्यक्रम में आजु हिस्सा लिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि पछिला साढ़े सात बरिस में सात लाख से बेसी नौजवानन के प्रदेस सरकार में हम सरकारी नोकरी दिहले में सफल भइल हईं। उहां के भरती में महिला लोगिन बदे बीस फीसदी क सरकार के ओरि से तय कइल गइल लक्ष्य क यादि दियावत कहलीं कि सात सौ एक वन दरोगा के नियुक्ति में एक सौ चालीस महिला लोगिन क भरती भइल हौ। कार्यक्रम के बाद मुख्यमंत्री एगो सोसल मीडिया सनेसा में कहलें कि ओन्हें भरोसा हवे कि चयनित नौजवान राज्य अउर देस खातिर निस्ठापूर्वक आपन जिम्मेदारी निभइहें।

**********

अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद क तीनि दिन ले चले वाला राष्ट्रीय अधिवेशन गोरखपुर के पंडित दीनदयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय सभागार में आजु से सुरू हो गइल। परिषद के निवर्तमान राष्ट्रीय महामंत्री याज्ञवल्क्य शुक्ल अधिवेसन के पहिला दिन्ने संगठनात्मक रिपोर्ट प्रस्तुत करत बतवलें कि येह बरिस पूरा देस में पचपन लाख बारह हजार चारि सौ सत्तर सदस्यता भइल हवे। उहां के कहलीं कि परिषद सैक्षणिक संस्थानन के मुद्दा के खास तौर पर उठवले हौ। सथहीं, देस क सैक्षणिक संस्थानन में महिला लोगिन बदे सुरक्षा आ महिला ससक्तीकरण के पक्ष में आवाज उठवले अउर महिला लोगिन के नेतृत्व दियावे के दिसो में परिषद उल्लेखनीय कोसिस कइले हवे।

**********

प्रदेस क नौ विधानसभा सीटिनि पर बीस नवम्बर के भइल उपचुनाव के ओटे क गिनती बिहने कइल जाई। एकरे खातिर मतगणना वाला जगहि पर आजु संझा ले तइयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ। पूरबी उत्तर प्रदेस क अम्बेडकरनगर क कटेहरी विधानसभा उपचुनाव क मतगणना बदे सुरक्षा के देखत भारी पुलिस बल क तैनाती कइल गइल हौ।

**********

कुशीनगर जिला में बांग्लादेस से आइल साठि गो सदस्य वाला बौद्ध भिक्षुअन क एगो दल भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली पर काल्हि सोभाजतरा निकरलस। एकरे बाद ऊ लोगि महापरिनिर्वाण मंदिर में भगवान बुद्ध के मुरती पर चीवर चढ़ा के खास पूजा–अर्चना कइलें। येह दौरान भारत–बांग्लादेस के बिच्चे मैत्रीपूर्ण सम्बन्ध के अउरियो मजबूत बनावे बदे खास प्रार्थनों कइल गइल।

**********

प्रसार भारती क अध्यक्ष नवनीत कुमार सहगल कहले हवें कि समाज क हर वर्ग ले पारिवारिक मनोरंजन क प्रसार कइल प्रसार भारती क कर्तव्य हौ। प्रसार भारती क ओटीटी प्लेटफार्म वेव्स के बारे में आजु मीडिया से बतियावत श्री सहगल बतवलें कि येह मंच से दूरदर्शन के अभिलेखागार वाला सज्जो कालजयी कार्यक्रमन क प्रसारण कइल जाई। येह मौका पर मुख्य कार्यकारी अधिकारी गौरव द्विवेदी बतवलें कि येह ओटीटी से करीब बारह भासा में कार्यक्रम प्रस्तुत होई। एहमें सज्जो बोली में कार्यक्रम प्रस्तुत कइले क योजना हौ।

**********

औरैया जिला में सहायल थान्हा इलाका में गंगा बाबा मोड़ के लग्गे एगो बेकाबू कार आजु भिन्नहीं सीसम के पेड़ से लड़ि गइल। येह दुरघटना में एक्के परिवार क चारि जने क मउति हो गइल। दुरघटना में घाही परिवार क अउरियो लोगिन क अस्पताले में इलाज चलि रहल हौ। ई सज्जो लोगि एगो बियाह समारोह में सामिल होखे बदे ग्वालियर जात रहलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस के कई गो जिला में अगिला एक हप्ता ले मौसम सुक्खल रहले क आगम जतवले हवे। मौसम विज्ञान केन्द्र लखनऊ के ओरि से जारी रोजाना क मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के हिसाबि से येह दौरान प्रदेस में कुछु जगहिनि पर भिन्नहीं हल्लुक से ले के मध्यम कुहेसा छवले रहले क आगम हौ।

**********

पूर्व रक्षा मंत्री अउर प्रदेस क पूर्व मुख्यमंत्री पद्मविभूषण स्वर्गीय मुलायम सिंह यादव के जयंती पर मऊ जिला में कई गो आयोजन कइ के पारटी कार्यकरता लोगि उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व के बारे मे चरचा कइलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो उनके जयंती पर एगो सोसल मीडिया सनेसा के जरिये सरधांजलि दिहले हवें।

**********